

# Dat limit Aplikasyon pou Asistans pou Katastwòf FEMA fikse pou Twa Semè

Release Date: December 22, 2022

**BRANDON, Fla.** - Plis pase 900,000 kay te aplike pou asistans federal pou katastwòf, men gen sèlman twa semèn ki rete pou aplike pou domaj ki gen rapò ak Siklòn lan. Nou ankouraje sivivan ki gen rezidans prensipal nan youn nan [26 konte yo deziyen pou asistans federal pou katastwòf](#) pou Siklòn lan pou yo aplike.

Pwopriyetè kay, lokatè, ak pwopriyetè biznis yo dwe soumèt aplikasyon yo anvan 12 Janvyè pou yo konsidere yo pou asistans pou katastwòf nan kad Pwogram Endividi ak Fwaye yo. Sivivan yo ta dwe aplike nan FEMA menm si yo gen asirans. FEMA ka bay asistans pou sivivan ki elijib yo ki pa gen asirans ki gen rapò ak dezaz oswa domaj.

Yo ankouraje moun ki afekte nan Siklòn lan epi ki gen asirans pou yo premye ranpli yon reklamasyon ak asirans yo pou domaj ki gen rapò ak katastwòf nan kay yo, machin yo, ak biznis yo anvan yo aplike pou asistans FEMA. Sivivan yo ka aplike avèk FEMA sou Entènèt nan [www.DisasterAssistance.gov/](http://www.DisasterAssistance.gov/) oswa lè yo rele 800-621-3362. Nimewo gratis ak operatè ki pale plizyè lang lan ap aksepte apèl chak jou, 7 a.m. rive 11 p.m. ET. Sivivan yo kapab enskri tou nan nenpòt Sant Rekiperasyon Dezaz (Disaster Recovery Center, DRC) nan tout konte ke dezaz la andomaje nan Florid. Pou jwenn yon andwa ki tou pre, ale sou Entènèt: [DRC Locator](#).

Dat limit 12 Janvyè a aplike tou pou aplikasyon pou prè pou katastwòf ak enterè ki ba nan Administrasyon Ti Biznis Etazini (U.S. Small Business Administration, SBA). SBA se sous prensipal lajan gouvènman federal la pou rekonstwi alontèm pwopriyete prive ki te domaje nan katastwòf la. SBA ede biznis tout gwosè, òganizasyon prive san bi likratif, pwopriyetè kay, ak lokatè finanse efò pou reparasyon oswa rekonstwiksyon epi li kouvri depans pou ranplase pwopriyete pèsònèl ki pèdi oswa ki andomaje nan katastwòf la.

Sibvansyon Asistans Lojman ak Lòt Bezwen Asistans FEMA pou depans medikal, dantè, ak antèman pa egzijè moun pou aplike pou youn prè SBA. Sepandan,



**FEMA**

Page 1 of 2

aplikan yo refere bay SBA dwe ranpli epi soumèt yon aplikasyon prè SBA pou yo konsidere yo pou lòt fòm asistans pou katastwòf. Aplikan ki pa kalifye pou yon prè SBA yo ka refere yo tounen bay FEMA pou yo konsidere yo pou Lòt Bezwen Asistans. Nimewo Sant Sèvis Kliyantèl Dezans SBA a se 800-659-2955. Èd disponib tou lè w voye yon imèl nan: [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov) oswa lè w vizite [www.sba.gov](http://www.sba.gov). Sivivan yo ka aplike sou Entènèt sou sitwèb sekirize SBA a nan: [disasterloan.sba.gov/ela/](http://disasterloan.sba.gov/ela/).

Biznis ki poko soumèt yon aplikasyon SBA pou prè biznis pou katastwòf ka aplike sou Entènèt lè l sèvi avèk Aplikasyon Elektwonik Prè (Electronic Loan Application, ELA) atravè sitwèb sekirize SBA a nan [disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/](http://disasterloanassistance.sba.gov/ela/s/) anba deklarasyon SBA #17644. Biznis, pwopriyetè kay, lokatè, ak òganizasyon ki pa pou pwofi kapab vizite Sant Rekiperasyon Biznis oswa Sant Rekiperasyon pou Katastwòf pou èd pou yo soumèt yon aplikasyon oswa pou yo chèche rekonsidere desizyon yo pran sou yon prè.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou prè pou katastwòf ak fòm aplikasyon nan Sant Sèvis Kliyantèl SBA a nan 800-659-2955 (pou moun ki soud, ki gen pwoblèm pou tandè, oswa ki gen andikap lapawòl, tanpri rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo). oswa pa imèl nan [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov).

Dat limit depozisyon pou retounen aplikasyon pou domaj fizik pwopriyete a se 12 Janvyè 2023. Dat limit pou retounen aplikasyon pou aksidan ekonomik yo se 29 Jen 2023.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou rekiperasyon nan Florid apre siklòn Ian ak Nicole, vizite [floridadisaster.org/info](http://floridadisaster.org/info) ak [fema.gov](http://fema.gov) Swiv [@femaregion4](https://www.facebook.com/fema) / [Twitter](https://twitter.com/fema) ak sou [facebook.com/fema](https://www.facebook.com/fema).

###



FEMA

Page 2 of 2